



Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA NEW YORK ETABLI DE SIT TÈS NAN LEGLIZ NAN ZÒN SANSIB AK COVID-19 YO NAN HOUSTON

Sit yo nan Nòdwès Houston ak Sidwès Houston operasyonèl pandan de semèn epi reyalize jiska 1,000 tès chak jou

Rezidan yo ka rele 1-833-NYS-4TEX

Foto yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Eta New York te etabli de sit tès nan legliz nan zòn sansib ak COVID-19 yo nan Houston, Texas. Sit yo, ki sitiye nan Fallbrook Church nan Nodwès Houston ak Higher Dimension Church nan Sidwès Houston, nan kominote minoritè ki afekte anpil, pare epi ap fonksyone, epi ap operasyonèl pandan de semèn, avèk kapasite pou jiska 1,000 tès chak jou. Eta New York te voye plis pase 20 pwofesyonèl swen sante ak ekspè sante piblik nan Houston pou konsilte repons COVID-19 vil la epi te bay pwovizyon tou. Gouvènè a te fè anons jodi a nan yon apèl konferans avèk Majistra Houston Sylvester Tuner.

"Lè New York te pase nan difikilte san parèy ak trajedi moun pa ta panse pou somè COVID-19 nan eta a, eta yo atravè peyi a te bay pwovizyon, vantilatè ak pèsònèl pandan moman nou te gen plis bezwen", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kounye a ke kantite nan New York yo te estabilize, n ap retounen favè a nan peyi a, epi mwen kontan mwen kapab ede gwo vil Houston etabli de sit tès nan kominote ki vilnerab yo. Mwen remèsye patnè eksepsyonèl nou yo pou efò yo pou etabli sit yo ak bay pwovizyon ak ekspètiz."

Majistra Houston Sylvester Turner te deklare, "Mesi Gouvènè Cuomo. Epi kite mwen jis kòmanse nan rekonèt ak remèsye ou pou lidèchip ke ou te bay Eta New York epi sensèman, lidèchip ou te ba nou tout atravè peyi a. Mwen te gade rapò chak jou ou yo regilyèman. Mwen te aprann anpil sou sa ou menm ak pèp ou a te fè nan New York, kidonk, kite mwen felisite nou tout pou efò nou yo. Kite mwen remèsye ou pou sipò nou tout ap bay Vil Houston isit la nan Konte Harris. Jan ou endike sa, n ap fè fas ak yon sitiasyon kote nimewo nou yo te ogmante anpil. Plis moun te teste pozitif, te vini nan lopital nou yo ak nan Inite Swen Entansif (ICU) nou yo. Tès la se yon gwo pwoblèm. Epi ou gen rezon lè ou di ke viris sa gen yon enpak ki pa pwoposyonèl sou kominote moun koulè yo, kominote ki gen revni fèb yo ak kote gen plis nesite pou fè plis tès. Ak

moun—anpil moun—ki vle fè tès, bezwen tès epi yo oblije tann yon bann tan. Kidonk, mwen remèsye ou menm ak ekip ou a dèske n ap ede".

Sit yo te etabli avèk sipò SOMOS Community Care, Northwell Health, Greater New York Hospital Association, Mount Sinai Health System, Montefiore Medical Center ak Lopital New York-Presbyterian.

Prezidan Greater New York Hospital Association Kenneth E. Raske, te di, "Lè COVID-19 te frape New York, lopital nou yo ak travayè ewoyik yo te trete yon kantite inimajinab pasyan ki te malad anpil. Lè nou te bezwen èd, moun k ap bay swen ki ewoyik tou te vini New York epi te bay swen avèk gras, kouraj ak detèminasyon. Kounye a, li lè pou nou tounen jenewozite kolèg, zanmi ak fanmi nou yo atravè peyi a. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, travayè yo nan lopital New York yo ap frape nan Houston pou ede bay swen ak sove lavi. GNYHA salye gwo jenewozite ak sakrifis yo, epi fyè pou kolabore ak Gouvènè a nan misyon enpòtan sa a".

"Nou prale kote yo bezwen nou", **Doktè Ramon Tallaj te deklare, Prezidan SOMOS, yon rezo imigran ap dirije ki gen plis pase 2,500 doktè nan Vil New York.** "Doktè imigran yo se te premye liy defans pandan COVID-19 te frape kominote koulè ki gen revni fèb nan New York epi nou detèmine pou pataje dekouvèt eksperyans ki ankou sa a avèk kominote similè nan peyi a. Nou pare pou sipòte Gouvènè Cuomo ak Eta New York pandan y ap ede responsab Houston yo ak sila yo atravè zòn iben ak riral yo nan Sun Belt konekte popilasyon latino, azyatik ak afriken ameriken yo pou fè tès, swen, edikasyon sante ak resous kominotè. Doktè SOMOS yo te mennen premye rechèch nasyonal nan enpak COVID-19 genyen sou kominote imigran yo epi kijan pou pi byen atenn ak teste popilasyon sa yo epi n ap pataje pi bon pratik yo avèk tout Ameriken ki bezwen yo."

Sit tès Houston yo ajoute angajman Eta New York pou ede lòt vil ak eta yo konbat COVID-19 nan peyi a. Nan lendi, Gouvènè Cuomo te anonse Eta New York pral voye [ekip tès ak trasaj kontak nan Atlanta](#), Georgia. Nan dat 10 jiyè, Gouvènè Cuomo te anonse Eta New York ap voye [medikaman Remdesivir pou COVID-19 bay Florid](#) piske eta a gen difikilte avèk reyaparasyon ka yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)